ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН
РЕСПУБЛИКАСИ
ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ
ФАРМОЙИШИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН
РЕСПУБЛИКАСЫ
МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ
БИЙЛИГИ

Нукус шаҳри — Нөкис қаласы

№ **140-б** «**20**» **июнь** 2017 й.ж

Өзбекистан Республикасы Президенти Аппаратының 2017-жыл 23-май күнги 02/2-1023-санлы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң 2017-жыл 17-июнь күнги 5/6-1058-санлы хатларын инәбатқа алып:

1. Адам саўдасына қарсы гүресиў бойынша мәкемелер аралық комиссиясына қолайлықлар жаратып бериў мақсетинде, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен ажыратылған инвентарларды (мебель, компьютер, көргизбе қураллар, баннерлер) ҳәмде комиссияға тийисли ҳүжжетлерди Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 14-март күнги «Ҳуқықбузарлықлар профилактикасы ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў системасын жәнеде жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-2833-санлы қарарына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги жанында шөлкемлестирилип атырған адам саўдасына қарсы гүресиў бойынша мәкемелер аралық комиссиясына шәрт-шараятлар жаратып бериў мақсетинде жоқарыда атап өтилген инвентарларды Ишки ислер министрлиги балансына бийпул өткерилиўине келисим берилсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасына (М.Джуманиязов) жоқарыда атап өтилген инвентарларды Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги жанында шөлкемлестирилип атырған адам саўдасына қарсы гүресиў бойынша мәкемелер аралық комиссиясына белгиленген тәртипте тапсырылыўын тәмийинлесин.

3. Нөкис қаласы ҳәм районлар ҳәкимликлери адам саўдасына қарсы гүресиў бойынша мәкемелер аралық комиссияларына тийисли болған инвентарларды (мебель, компьютер, көргизбе қураллар, баннерлер) ҳәмде комиссияға тийисли ҳүжжетлерди қала ҳәм районлар ишки ислер бөлимлерине нызам талапларына муўапық белгиленген тәртипте тапсырылыўын әмелге асырсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигине (А.Темирханов) жоқарыда көрсетилген инвентарлардың мақсетке муўапық пайдаланыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалап барыў Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары М.Содиқовқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Қ.Сариев**